



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN PREMYE DIREKTÈ SEKIRITE AK ENTÈLIJANS ETA NOUYÒK LA

Colin Ahern, ki se yon ekspè entènasyonal nan sekirite enfòmasyon ak Chèf Ofisye Sibènètik, jwenn nomonasyon l pou l dirije Estrateji ak Repons Inifye pou Sekirite ak Entèlijans Eta a

Nouvo pozisyon lidèchip siperyè a pral senkronize defans eta a epi fè baz endistriyèl defans k ap grandi nan Nouyòk la avanse

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Colin Ahern kòm premye Direktè Sekirite ak Entèlijans (Director of Security and Intelligence, DSI) nan Eta Nouyòk. Nan wòl sa a, Direktè Ahern, ki te sèvi kòm Ofisye Sibènètik Anchèf Eta Nouyòk la anvan, pral bay direksyon estratejik epi ini plis byen sekirite Eta a sou kesyon sekirite nasyonal ak entèlijans. DSI a pral kowòdone tou aktivite nan tout eta a pou pi byen reponn ak risk mondyal yo epi sezi opòtinite pou fè baz endistriyèl defans lan ak teknoloji ki enpòtan pou sekirite nasyonal la avanse.

"Pwoteje Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen, epi menas n ap fè fas yo pi konplèks e yo konekte youn ak lòt pase avan, se poutèt sa nou bezwen agresif, inovan e adaptab nan fason n ap konbat nouvo menas ak advèsè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou nou ka fè fas ak defi sa yo epi sezi opòtinite sa yo, m ap nonmen Colin Ahern kòm premye Direktè Sekirite ak Entèlijans Eta a. Colin te byen sèvi Eta Nouyòk kòm premye Chèf Ofisye Sibènètik nou an nan konbat menas sibènètik, e kounye a, li pral mennen travay li nan yon nouvo nivo an kolaborasyon avèk patnè gouvènman eta a, lokal yo ak federal yo pou asire ke nou ap fè fas ak moman sa a dirèkteman, epi pwoteje eta nou an ak kominote nou an kont nouvo menas ak menas k ap emèje yo."

Direktè Sekirite ak Entèlijans lan pral rapòte dirèkteman bay Direktè Operasyon Eta a, Jackie Bray, epi li pral kowòdone ant ajans eta yo, gouvènman lokal yo, patnè federal yo ak sektè prive a pou asire yon repons nan tout eta a fas ak enfliyans etranje malveyan, lagè ibrid ak lòt pwoblèm sekirite nasyonal yo. Anplis de sa, DSI a pral defann epi ankouraje investisman nan endistri defans ak sekirite Nouyòk yo, pou fasilite patenarya nan domèn kle tankou baz endistriyèl defans lan, dwòn, teknoloji pwopòsyon ak lòt teknoloji enpòtan pou sekirite nasyonal la.

Direktè Sekirite ak Entèlijans Colin Ahern te deklare, "Se yon onè pou yo nonmen m premye Direktè Sekirite ak Entèlijans Eta Nouyòk la epi pou m kontinye travay pou ede

kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Nouyòk kontinye ap fè fas ak defi jodi a, li ap fè efò pou ranfòse efò sekirite, defans ak entèlijans nou yo, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip ak angajman kontinyèl li pou asire ke Nouyòk rete yon lidè nasyonal nan sekirite ak entèlijans."

Direktè Ahern pote prèske de deseni eksperyans nan entèlijans ak sekirite nan nouvo wòl sa a. Li te sèvi kòm premye Ofisye Sibènetik Anchèf Eta a anvan. Li se yon ansyen ofisye lame ameriken dekore, li te resevwa yon Etwal Bwonz epi li te fè de misyon an Afganistan. Direktè Ahern te anseye tou lagè ibrid, entèlijans, ak sekirite sibènetik nan Inivèsite Columbia ak nan Sant George C. Marshall pou Etid Sekirite Ewopeyen an, li se yon manm a tèm nan Konsèy sou Relasyon Etranje, epi li gen yon MBA nan NYU Stern School of Business.

Michaela Lee pral Direktris Sibènetik pa entèrim jiskaske yo nonmen yon Direktè Sibènetik pèmanan.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)